Ассаламу гӏалайкум, казбекалъул жамагӏат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 46 (9840) 25 ноябрь 2019 с. / Итни 28 Рабиг1уль-аввал 1441 с./ багьа 8 гьур. redakciya-chapar@mail.ru

# 24 ноябрь - эбелалъул Къо




**Есть ли в мире что-либо трогательнее, сильнее, неистовее и нежнее, чем любовь матери? Сколько бы не писали о матери, вряд ли можно передать всю глубину материнской любви. Любовь матери не подвластна ни времени, ни забвению.**

## Поздравляем!

**Уважаемые матери!**

Испокон веков женщина окружена святым ореолом материнства. В слове **«мама»** есть любовь и надежда, сила и вдохновение, в нем – свет, тепло и уют.

От всего сердца поздравляем вас с Днем матери. Желаем вам крепкого здоровья, благополучия и мирного неба.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов.**

---

День матери… Этот праздник полон душевной теплоты, ведь мы поздравляем самых дорогих нам людей – матерей. Желаю всем матерям здоровья, счастья, мира и удачи.

**Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) Д. Умаханов.**

---

Материнская любовь делает нас сильней, помогает преодолевать невзгоды и верить в успех. Мать – хранительница уюта и тепла в доме.

От всей души поздравляю матерей с праздником. Желаю всем здоровья, любви и понимания детей, семейного счастья и мирного неба.

**Секретарь политсовета Казбековского отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. Махачев.**

## Уважаемые жители района

30 ноября в 10:00ч. в приемной партии **«Единая Россия»**, расположенной в районном Центре культуры состоится прием граждан, приуроченный к 18-летию партии **«Единая Россия».**

Прием проведет депутат Народного Собрания Республики Дагестан Мухтарпаша Умаханов.

## Машгьурлъана гьалъул ц1ар

**Басрияб гордецин цӀияблъун ккола,**
**ХӀур хъвазе течӀого, цӀунун бугони.**
**Мекъса жиб къаниги кӀазги рекъола,**
**Гьелъул къимат гьабун, хьвадизе кӀвани.**

Гьединайлъун йикӀана Дагъистаналда,Россиялда гурейги, къватӀисел пачалихъаздаги жиндир цӀар машгьурай, кӀудияб гӀакълуялъул борхалъиялде яхарай, Салатавиялъул яс ХӀабизат МухӀамадовна ХӀамзатова. Гьей йикӀана батӀияй, цогиязда релълъинчӀей,жиндилъ гӀаданлъи цӀикӀкӀарай,шаргӀалда рекъараб гӀамал-хасиятги тӀабигӀатги бугей чӀужугӀадан.




Салатавиялъул тарихалда меседил хӀарпаз жиндир ц1ар хъварай ХӀ.ХӀамзатова ракӀалдещвеялъул хӀурматалда, 13 ноябралда районалъул культураялъул Централда тӀобитӀараб данделъиялда гӀахьаллъана- **«Казбек район»** муниципалияб гӀуцӀиялъул бетӀер ХӀ.ХӀ. Мусаев, гьесул заместителал, районалъул батӀи-батӀиял гӀуцӀабазул жавабиял хӀалтӀухъаби, хӀурматиял гьалбал ва ХӀ. ХӀамзатовалъул росуцоялгун гӀагарлъи.



Гьелъ нахъа тараб гӀумруялъул, хӀалтӀул соназул, гӀадамазда гьоркьоб гьелъул букӀараб къадру-къиматалъул гьениб бицана- ХӀ. Мусаевас, **«Чапар»** газеталъул бетӀерав редактор М. Чупалаевас, захӀматалъул ветеранал: Ш. Яндаевас, ТӀ.Салаевас, С.Гъиримовас, З. Ярагъиевас, У. ХӀажиевалъ, М. Мажидовалъ, шагӀир Н.Къасуевас ва Дилим росдал лицеялъул директор Я.Юсуповалъ.



ХӀ.ХӀамзатовалде рахъарал жидерго кучӀдул гьенир цӀалана- М. Мажидовалъ, У.ХӀажиевалъ,Гъозтала росулъа А. Сурхаевалъул кечӀ-З.ГӀамировалъ.

Гьединго, данделъиялда рихьизаруна ХӀ. ХӀамзатовалъул гӀумруялдагун хӀалтӀиялда хурхарал видеороликалги.

Данделъиялъул ахиралда ХӀ. ХӀамзатовалъул яц Загьра ХӀасановалъ ракӀ-ракӀалъулаб баркала загьир гьабуна гьеб тадбир тӀобитӀиялъе квербакъарал-районалъе нухмалъулезе, жамгӀиял гӀуцӀабазул церехъабазе, культураялъулгун библиотекаялъул хӀалтӀухъабазе ва гьалбазе.

Данделъи бачана районалъул библиотекаялъул хӀалтӀухъан Равзанат МухӀамадхайрулаевалъ.

**ХӀ. Каримова.**

*Ниж наркотиказде данде*

**Акция тӏобитӏана**

Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

*Школа ва г1умру*

**Нилъер мурад - лъимал т1алихӏаллъун рукин**

Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

*Хирияб калам*

**Ясин**

Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

«Ниж- наркотиказде данде»

# Акция т1обит1ана

18 ноябралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана т1олго Россиялъул **«Лъазабе, киб хвел бичулеб бугебали»** абураб темаялда акция.




Районалъул ОМВДялъул ва РУОялъул х1алт1ухъабазул жигарчилъиялда т1обит1араб гьеб акциялда г1ахьаллъана- районалъул имамзабазул Советалъул председатель Шамиль Темирбулатов, Жамг1ияб палатаялъул председатель- Х1.А.Адимирзаев, прокурорасул кумекчи Ш.М Мух1амадов, райадминистрациялъул балугълъиялде рахинч1ел лъималазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул комиссиялъул жавабияв секретарь М.Ю. Мух1амадов, руччабазул Советалъул председатель П.С. Айтемирова, райадминистрациялъул пресслужбаялъе нухмалъулей Н.В. Качалаева, ЦРБялъул врач-нарколог Х1.Р. Лат1ипов, Централияб библиотекаялъул директорасул заместитель М-х1.М-р.Мух1амадх1абибов, **«Казбек районалъул г1олилал»**, **«Хасавюрт шагьаралъул г1олилал»** г1уц1абазе нухмалъулел: Ах1мад Иманшапиев,Камал Г1абдулаев, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва г1олилазда гьоркьоб х1алт1и гьабиялъул отделалъул начальник И.А.Булатханов, дунялалъул, Европаялъул ва Россиялъул ММАлъул рахьалъ чемпионка Рисалат Г1абдулкеримова, жамг1иял г1уц1абазул вакилзаби, лъайкьеялъул Управлениялъул жавабиял х1алт1ухъаби, районалъул школаздаса муг1алимзаби ва ч1ах1иял классазул ц1алдохъаби.



Наркотикал х1алт1изариялъ кьолеб заралалъул ва гьелде данде къеркьеялъул бицун гьенир к1алъана- С.Г1. Кривошеев, М.Ю. Мух1амадов, Х1.Р. Лат1ипов, Н.В.Качалаева, П.С. Айтемирова, М-х1. М-р. Мух1амадх1абибов,Ах1мад Иманшапиев ва Рисалат Г1абдулкеримова.

Данделъиялда х1асилал гьаруна ц1алдохъабазда гьоркьор т1орит1арал- **«Наркотикал гьеч1еб дунял»**, **«Ниж - заралиял г1амалазде данде»**, **«Наркотикал гьеч1еб г1умру»** ва **«Ниж- терроризмалде данде»** абурал конкурсазул. Гьел конкурсазда бергьенлъи босаразе гьенир кьуна Х1урматалъул грамотаби ва г1арцулал шапакъатал.

Данделъиялда г1ахьаллъаразда гьенир рихьизаруна наркоманиялъул бугеб заралалда хурхарал видеороликал ва клипал.

Дилим росдал лицеялъул ц1алдохъабаз гьенир рик1к1ана наркотикал х1алт1изариялъул инсанасе кьолеб заралалда хурхарал куч1дул.

Т1адег1анаб даражаялда г1уц1араб гьеб тадбир нухда бачана лицеялъул муг1алим М.Ш. Яндаевалъ.

Нужеда раг1арал наркотикал ричиялъул х1ужабазул, гьел ц1унун ругел бак1азул х1акъалъулъ ах1е гьаб номералдеян **(8 999 418 56 33)** абураб бук1ана гьелъул г1ахьалчаг1аздехун гьабураб хит1аб.

**И.Идрисов.**

# Депутатасул кумекалдалъун,..

Дагьаб цебегIан къватIибе биччараб «Чапар» газеталда хъван букIана ХIамзаюрт росдал гIолохъабигун Халкъияб Собраниялъул депутат М.п. (К-п.)Д. ГIумахановасул букIараб дандчIваялъул ва, гIолохъабазул гьариялда рекъон, гьениб депутатас мини-футбол хIаялъе площадка букIинабиялъе кумек гьабизе рагIи кьеялъул хIакъалъулъ.



Депутатас кьураб рагIи ккуна ва, жиндирго харжалдалъун,площадкаялда т1ад гьабулеб х1алт1и бет1ералде бахъинабуна.

Гьелда хурхун, Насирдин Эльмурзаевасул ва Сахратула МухIамадовасул хIаракатчилъиялда, гьеб площадкаялда тIобитIана футбол хIаялъул турнир. Гьенире гIахьаллъана- ХIамзаюрт, Учтюбе, Побода, Мазада, Къамилухъ ва Советское росабалъа командаби.

ХIалуцарал хIаяздаса хадур, т1оцебесеб бакIалде бачIана ХIамзаюрталдаса команда, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана Къамилухъалъул гIолохъаби ва лъабабилеб бакI босана Мазада росдал командаялъ. Призалъулал бакIал росаразе гьенир кьуна медалал ва Х1урматалъул грамотаби.

**Р. Х1айбулаева, Буртунай росу.**

Инсан ва г1умру

# ГIаданлъиялъ инсан гьавула асир

**Лъимер рехон тарай эбелги - эбел,**
**Эбеллъи гьабурай гIаданги – эбел.**
**МахIмуд-Апанди.**



Лъималазе эбел йиго, жиндир багьа гьеч1еб, сундухъго хисун кьолареб хазина. Лъималазе г1оло гьелъ г1емераб зах1малъи данде бачуна, бихьаралда сабру гьабун йик1уна.

Абула, лъимер бугин эбел-инсухъе цIунизе кьураб къиматаб хазинаан. Гьелъул ракIги бук1унин жавгьаргIан бацIцIадаб, эбел-инсуца кинаб тарих тIад хъванигин, гьеб гьелъул рекIеда т1олабго гIумруялъги хут1улин. Япониязулги аби буго: **«Лъималазде инсул рокьимегIералдаса борхатаб, эбелалъул –ралъдадаса гъваридаб букIуна»**-ян абураб.

ГIумру ккола нилъ хадур гъолареб балъголъабазул цIураб жолъун. Умумулги лъималги даим цадахъ рукIунаро. Бищунго зах1матаб г1умру бук1унин абизе бегьула, эбел-эмен рат1алъун, яги гьезул цоял гьеч1ого хут1арал лъималазул. Кинаб къисматха букIунеб гьоркьор хутIарал бесдалго, лъималазул?

Рахьдал эбел, бесдал эбел…

Гьеб к1иябго ц1аралда жаниб, бугебщинаб гьуинлъи, гьединго кьогIлъи. Гьезул хIакъалъулъ руго батIи-батIиял биценал. Бесдал эбелцин йич1ч1ине бегьула, амма кин рич1ч1инел жидерго лъималазе г1азаб г1акъуба кьолел умумул.

Сунца гьел гьедин вах1шияллъун гьарулел? Кин ракьалъ хIехьолел гьединал гIадамал? ГIалхул жанаваразцин цIунула жидерго тIанчIи, рехон толаро гьел. Ва амма...

Рос-лъадиги рат1алъун гьоркьор хутIарал лъималазда абула чи гурхIуларел бесдалалин. Гьеб бит1арабги буго. Бесдал эбелалде цере ккаразе, инсул рукъор ругониги букIунаро кванил тIагIам, гьезие г1оларо бусадул тамахлъи.

**…БацIцIинчIого**
**мегIер,хачIого бетIер,**
**Чорокаб хIетIе-квер,**
**хIакъикъат гурищ?**
**ЦIорораб хасалил**
**халатал сардаз,**
**ТIаса юргъанги ун,**
**квачалел лъалищ?**

Гьединаб бук1уна бесдалазул лъимерлъи. ХIисаб гьабураб мехалъ, нилъеда бичIчIине ккола, рахьдал улбулги бесдал улбулги цого роценалъ рорцине бегьулареллъи.

РукIуна гурхIел бугел чияр лъималцин жидергоялдаса лъикI хьихьулел бесдал улбули. Гьединаздасан цояй ккола Дилим росулъа Раисат М-гъазиева. Гьей жийгоги гIуна микьго лъимер бугеб, к1удияб хъизаналда.

Раисатида киданиги ракIалде кколароан жиндир росу батIиялъуб къадар батилин, жинца бесдаллъуда хутIарал лъималазе эбеллъиги гьабизе ккелин. Бихьулищха Аллагьасул хIукму гьединаб букIун бугеб. Раисатица жиндирго гIумру бухьинабуна Буртунай росулъа Зубайри ХIажиевасулгун. Гьелъ эбеллъи гьабуна, эбелги хун бесдалго хутIарал лъабго лъимадуе. Гьелде тIаде ккана бищунго жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи. Гьеб амру тIубазе Раисатие къуват кьуна Аллагьас, бижизабуна гьелъул рек1елъ лъималаздехун рокьи.

ЦIияй эбелалде лъималги хехго ругьунлъана, Раисатил рокьиялъ гьезда лъазе бичча1о бесдаллъиялъул кьог1лъи. Гьелдаса кIудияб талихI чIужугIаданалъеги гьелъ каранде къарал лъималазеги гьай-гьай киданиги букIунаро.

Раисатица тарбия кьун г1езарурал лъималазул гьанже жиде-жидер яшав маг1ишат буго. Лъимал тIаде рачIараб къо гьелъие сверула кIудияб байрамалде.

Росдал г1адамал бахилаб, талихIалъ къвал жемараб хъизан буго Раисатилги Зубайрилги. Гьурмадаса гьимиги камуларей,г1амалги берцинай,каламги гьуинай х1еренай, х1алимаб рак1алъул г1аданлъун лъала гьей росуцоязда.

Гьединлъидал дица абила Раисат мустах1икъай йиган даимаб ц1аралъеги рецц1алъегиян.

**Х1. Каримова**

*Дин ва г1умру*

# Рабиг1уль аввалалъул 18- абилелъ...



Лъалеб букIахъе, бусурбабазе бищун хириял, гьез кIудияб хIурмат гьабулел моцIаздасан цояблъун ккола жинда жанив свалат салам лъеяв нилъер Авараг гьавураб РабигIул аввал моцI. Гьев (с.гI.в.) кIодо гьавун, гьеб моцIалъ бусурбабаз, жидерго ресалда рекъон, рукъобги мажгитаздаги ахIула мавлидал, бикьула садакъа, гьарула мажлисал.

Исанаги Рабиг1ул аввалалъул 18 къоялъ Дилим росулъ т1обит1ана районалъул руччабазул мажлис.

Мажлис т1обит1ана Муфтияталъул Казбек районалда бугеб отделалъул х1алт1ухъан Мадина Мух1аммадх1абибовалъул х1аракатчилъиялда.

Аварагасул (с.гI.в.) г1умруялъул, Гьесул т1абиг1ат-г1амалалъул, бихьараб г1акъуба-къварилъиялъул х1акъалъулъ гьединго, лъималазе исламияб тарбия кьезе ккеялъул ва цогидалги к1вар бугел суалазул бицун к1алъана Мадина Мух1аммадх1абибова, росабазул мажгитазул муг1алиматунал: Г1айшат Къадиева, Х1абисат Къасумова, Мадина Юсупова ва цогидалги.

Гьеб данделъиялда рихьизаруна Аварагасул (с.г1.в) г1умруялда хурхарал сценкаби, ах1ана мавлидал, хасго данделъаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна Калининаул росдал лъималазул ахалъул гьит1ичазул церерахъиналъ.

*Культура ва г1умру*

# «Дир росдал г1адатал» фестиваль

Гьединаб ц1аралда гъоркь, 14 ноябралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана нилъер республикаялъул бат1и-бат1иял районаздаса культураялъул рукъзазул х1алт1ухъабазул 2-леб. фестиваль.

Гьеб т1обит1иялъе кквербакъана- Дагъистаналъул культураялъул Министерствоялъ, халкъияб творчествоялъул Рукъалъ, районалъул администрациялъ ва рехсараб Централъул специалистазгун х1алт1ухъабаз.




Гьенир баркигун к1алъазе рахъана - районалъул бет1ерасул заместитель И.Б.Салимханов ва культураялъул отделалъул начальник А.К. Ибрагьимовас.

**«Х1урматиял фестивалалъул г1ахьалчаг1и! Бальголъи гуро, гьадинал тадбираз Дагъистаналъул миллатазда гьоркьоб гьуинлъи, вацлъи, гьудуллъи щулалъизабулеблъи. Рак1ч1ола, жакъасеб тадбирги гьединазул цояблъун бук1иналда»**,-ян абуна А. Ибрагьимовас жиндирго к1алъаялда.

Данделъиялда г1ахьаллъарал к1одо гьаруна культураялъул Министерствоялъул Х1урматалъул грамотабаздалъун ва нилъер районалъул администрациялъул къиматал сайгъатаздалъун.

# Маргьабазул гьоболлъухъ

11 ноябралда районалъул культураялъул Централда т1обит1ана **«Маргьабазул гьоболлъухъ»** абураб г1урус ва маг1арул миллатазул маргьабазул фестиваль.

Лъайкьеялъул Управлениялъул х1алт1ухъабазул х1аракаталдалъун т1обит1араб гьеб тадбиралда г1ахьаллъана районалъул росабазул 8 школалдаса ц1алдохъаби ва муг1алимзаби.

Гьеб т1обит1иялъул мурадлъун бук1ана лъималазул адабиаталде, Ват1аналде рокьи бижизаби, гьезда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи щула гьаби, лъай борхизабиялде гьел ах1и.

Гьеб фестивалалда 2-аб. ва 3-аб. классазул ц1алдохъабаз рихьизаруна бат1и-бат1иял маргьабаздаса цо-цо сценкаби.

Балагьаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна гьит1инал актеразул бугеб махщелалъ.



Гьенир т1оцебесеб бак1алъе мустах1икълъана Дубки поселокалъул ц1алдохъаби, к1иабилеб бак1 босана Буртунай ва Калининаул росабазул школазул ц1алдохъабаз ва лъабабилеб бак1алде рач1ана Ленинаулалъул №2 школалъул ц1алдохъаби.

***Асият ДИБИРОВА.***

*Инсан ва г1умру*

# ТУРЦИЯЛДАСА ГЬАЛБАЛ

Гьаб соналъул 5 августалда къват1ибе биччараб **«Чапар»** газеталда (№30, 2 гьум.) бахъараб **«Турциялде бухьараб сапар»** абураб макъалаялда хъван бук1ана нилъер районалъул г1олилал Турциялде иналъул ва гьенир рук1арал дандч1ваязул х1акъалъулъ.

Дагъал церег1ан къояз, гьединабго, Мах1ачхъалаялда т1обит1араб **«Г1олохъанал апаргазаби»** абураб гьудуллъиялъулаб форумалда г1ахьаллъизе ах1ун рук1ана Турциялдаса г1олилал.




Мах1ачхъалаялда гьезда дандч1вай гьабуна шагьаралъул мэр Салман Дадаевас, Хасавюрталда –Дагъистаналъул промышленностальулгун энергетикаялъул министр Сайгидпаша Г1умахановас ва нилъер районалъул бет1ер Х1ажимурад Мусаевас.

Гьединго, гьалбал дандч1вана Ц1обокь- Миякьо росулъ яшав гьабун ругел жидерго цересел г1ага-божаралгун ва гьел щвана нилъер республикаялъул тарихиялгун машгьурал бак1азде.

***М.-р. РАСУЛОВ, станция Къарланюрт.***

# Бетон тIуна



**«Дилим росдал гIолилал»** гIуцIиялъул бербалагьиялда бугеб **«Лъималазул ахазе кумек»** проекталда рекъон, Дилим росдал **«Къункъра»** лъималазул ахалъул азбаралда, гIолилазул гIахьаллъиялда, 750 кв. м. тIуна бетон, къачIана лъимал расандулел площадкаби.

Гьеб хIалтIи г1умруялде бахъинабиялъе ишалъулаб кумек гьабуна районалъул администрациялъ, росдал г1олохъабаз, лъималазул умумуз ва жамг1иял х1аракатчаг1аз.

***Р. ЛАТIИПОВ, Дилим росу.***

# Благодаря им...

Наша жизнь интересна тем, что в ней всегда есть место подвигам, благородным поступкам и хорошим делам.

В этой статье я хочу рассказать о заместителях директора Ленинаульской СОШ №1 им. Героя Советского Союза Х.Нурадилова Байтемирове Рамазане (Арслан) Абакаровиче и Гаирбекове Рустаме Асланхановиче. Всем известно с какими трудностями сталкивается дирекция школы в повседневной работе.

Авторитет Рамазана, его искреннее желание оказать помощь школе мы видим в его делах.

С участием Рамазана изготовлены столы, скамейки для школьного буфета, так же уложен новый линолеум. Заменены устаревшие деревянные окна на пластиковые. Спонсорами проведения этих работ выступили Умаев Осман и Тембиев Алимхан.

В малом спортивном зале не было электропроводки. Проведение этой работы при поддержке спонсоров взяли на себя Рамазан и Абдурахман Зубайриев. Это лишь часть добрых его дел. Много хорошего и на счету другого заместителя директора школы Гаирбекова Рустама Асланхановича.

По его инициативе начато и завершено строительство нового спортивного зала с. Ленинаул.

Рустам принимал непосредственно самое активное участие в строительстве спортзала.

Вместе с этим Р.А. Гаирбеков принимает активное участие в общественной жизни села и района.

Он является депутатом сельского и районного Собраний.

*З.А.ЗУБАЙРИЕВ, с. Ленинаул.*

# *Кабель лъолеб буго*

Пемерал соназ Гуни, Хубар, Гертма ва гьел гурел цогидалги мугІруздехун кколел росабазул гІадамазе, хасго хасало, санагІалъи бахъи кколаан ток гьоркьоб къотІиялдалъун.

Рахъарал гьураз, бараб гІазуялъгун чІвараб мартІалъ гьенир токил кварал тІезарулаан, хІубал регизарулаан. ЦІидасан токил мухъал цІаялда тІад гІезегІанаб къадар гІарцулги унаан.



Дагъистаналъул бетІер В. А. Васильевасул тІадкъаялда рекъон, Гуниялдаса Хубаралде (ракьулъан, 6,2 км. манзилалда) токил кабель лъеялъул хІалтІи гьабулеб буго **«Евространой»** ОООялъ. Гьелъул хІалтІухъабаз рагІи кьун буго къокъаб заманалда гьеб хІалтІи бетІералде бахъинабизе.

# *ГІадамазул хІаракаталдалъун,..*

Ахирияб заманалда Дилим росдал **«Поляна»** микрорайоналда гІумру гьабулезул рахІат хвезабулеб букІана токил къуват дагьлъун букІиналъ.

16 ноябралдайин абуни, трансформатор хІалтІулеб гьечІолъиялда бан, гьенибе бачІунеб ток гьоркьоб къотІана. Гьенир яшав гьабун ругел гІолохъабаз трансформатор Хасавюрталде къачІазе щвезабуна ва гьебго къоялъ нахъе бачІана.

Токил участокалъул хІалтІухъабаз трансформатор хІалтІизе биччана.

**«Поляна»** микрорайоналда гІумру гьабулез баркала загьир гьабулеб буго ток чІезабиялда тІад хІалтІарал тІолазего.



*И. ИДРИСОВ.*

# Гьадинав вукІана нижер кІудада

Дагъал церегІан къояз нижеца **«Чапар»** газеталда бахъун букІана дол цересел, нилъер республикаялда Советияб власть чІезабулел соназ Деникинил аскаразде данде къеркьолеб букІараб Салатавиялъул партизаназул отрядалъул жигарав гІахьалчи, Буртунай росулъа МухІамадгІалиев ГІалил бахІарчилъиялъул хІакъалъулъ макъала.

Гьеб макъала цІалун хадусан, редакциялде, жинцаго гьев нилъеца бицен гьабулев кІудададе хъвараб кечІги босун, ячІана Ленинаул росулъа захІматалъул ветеран Ярагьиева Равзанат ГІубайтовна (ГІалил ясалъул яс).

Гьелъул гьари къабулги гьабун, нижеца гьеб кечІ газеталда бахъулеб буго.

## *Дир кIудада*

**«Чапар»** газеталда сурат батидал,
К1удияб рохалил ц1уна дир керен.
Гьесул къисматалъул хъван батарабго,
РакІалде бачІана гьес биценщинаб.

КІудадал хІакъалда хабар цІалидал,
Жибго чвахун ана бадиса магІу.
РекІее лъугьана батІияб асар,
Рохелгун пашманлъи цоцалъ жубараб.

ХІукумат бахъулеб рагъда вук1арав,
Гьенив командирлъун живго хІалтІарав,
Рагъул цІорой, бухІи, жинда бихьарав,
Гьединав вукІана нижер кІудада.

Гьес нижей бицана рагъулъ букІараб,
Жидеда бихьараб гІакъубаялъул.
Ракьун хутІиялъул, херк кванаялъул,
МичІчІ батараб бакІалъ жалго чІеялъул.

Гьеб кваназе щвечІел гьел солдатазе,
Команда кьунилан церехун ине.
Тушманасде тІаде гьужум гьабизе,
Гьесул габуралда михир бачине.

Инкъилабги бахъун, рукъове щведал,
Гьес хьихьун гІуна ниж- 6 бесдалал.
Эбел-эмен гьечІел, жалго хутІарал,
Хирилин абун, къвал бан,баич1ел.

Буртабазул росулъ гьев хІалтІун вуго,
Колхоз-совхозалъул нухмалъулевлъун.
Росдал советалъул х1акимлъиялда,
Киналго ишазул цевехъанлъуда.

Хирияв кІудада, битІун бицани,
КІочон толев гьечІо мун ВатІаналда.
ГІадада ккун гьечІо дур жигарчилъи,
ГІагараб халкъалъе гьабураб хъулухъ.

Хирияв кІудада, мун хваралдаса,
Лъеберлда анлъго сон свераниги,
КІочонев гьечІо мун росуцоязда,
Дуца хьихьун гІураб гІагарлъиялда.

Рагъудаса хадуб ракьиги тІад чІван,
Бигьаго букІинчІо дуй ниж хьихьизе.
Азбар-къоноялда къебелъиги бан,
Бухана махх-чаран дуца гІетІги тІун.

Нусал, гузби ричун, щварал гъурщазде,
Босана квине чед ниж гъаримазе.
Ракьунги къечонги ниж теларилан,
Г1емерав х1алт1ана х1алхьи лъач1ого.

Саринаъ рехсезе цІарги нахъе тун,
Тана дуца дунял даималъ гьаниб.
Гьабеги дуй Алжан Аллагьас насиб,
Бихьараб гІакъуба хъваги киридай.

# *Мохмохалда нах бахине...*

**Сайгъат буго бач1унеб бечед вугев чиясе,**
**Чадил рекел щай кьеч1еб, кодоб шагьи гьеч1есе?**

***(Мах1муд -Апанди).***

Цо нухалъ школалдаса яч1унеей дун к1одо-эбелалъухъе щвезе ана. Гьелъул бук1ана г1ат1идаб, к1амуриги бугеб гъанситоги. Гьениб, маххул рахсидаги бан, бук1унаан т1иноги гургинаб хъазмил хьаг. Доб къоялъ к1одоца дун т1амуна мохмох, г1исинал кескал гьарун, къот1изе. Гьелъ гьел хьагинире ралаго, нах т1оларебищилан абуна дица.

Дидехунги юссун гьимулаго, к1одоца абуна: **«Гьединги нахуца бец1-ц1улеб мохмохалъе нахги щибизе?»**- ян. Гьелъ абулаан, щибаб жоялъе г1орхъи бук1ине кколин, х1ажалъи гьеч1елъубе х1ет1ги кверги бегьизеги кколарин.

К1одол мадугьалихъ йик1ана Бахтумагъа абурай г1адан. Дида гьел ратана хабар-к1алалда. Лъаларо гьез сундул х1акъалъулъ бицунеб бук1арабали, к1одоца абулеб раг1ана: **«Гьедин батани, мун дозул мохмохалда нах бахине ун йик1ун йигоха»**,-ян.

К1одол гьел раг1аби рак1алде щвана дида цо къоялъ тукада рук1арал к1иго ч1ужуг1аданалъул хабар раг1индал. Конфетазул полказда цееги ч1ун, гьезда багьанаби ч1валей йигоан цояй. **«Цониги ярагьунел конфетал гьеч1о, дун нечола гьадиналги росун дозухъе ине. Гьедин батани, «Птичье молоко»-ялъул ящик босун теха. Гьанже г1емерисез рикьизеги унелъуреги гьезул ящикал росула»,-** ян абуна цадахъ йик1аралъ.

-Г1антал жал рицунеей йиго мун. Дол руго ресалда ругел чаг1и. Гьал доз санде гьарулищ?...

Дие бокьун бук1ана гьей пахруго к1алъалей г1аданалда абизе: **«Ц1арупеги реццалъеги гьабулеб жойищ яги чи вихьун кьолебищ садакъа бук1унеб»,-**ан.

Амма дун юц1ц1ун ч1ана. Рак1алде ккана гьелъ дие цо санаг1алъи гьеч1еб жаваб гьабилин абун. Т1адег1анас нилъее кьун ругел ниг1матазда щукру гьабулеб гьеч1о цо-цояз. Гьелъул гьанже бицун пайдаги бук1инаро. Мух1амад Аварагасул (г1.с.) х1адис буго: **«Бищун хирияб садакъа буго мискинчиясе кьураб ва бикьизе байбихье дудаго сверухъ ругездасан»** абун.

*Х1. КАРИМОВА.*

# «Гургинаб» стол тIобитIана



Дагъал церегIан къояз Калининаул росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIана хъвадарухъан, шагIир ва тохтур Мариам Ибрагьимовалъул творчествоялда тIасан « гургинаб» стол. Гьенире гIахьаллъана-росдал бетIер ХI.ХIажиев,жамгIияб хIаракатчагIи: ХIажимухIамад ХIажимухIамадов,Шамсудин Жамалдинов, Динуч Динаев,СалихI СалихIов,Юсуп Билалов, Гамарза Идрисов, мугIалимзаби, цIалдохъаби ва гь.ц.

КIалъазе рахъарал-ХI. ХIажимухIамадовас, З.Коргъолоевалъ (школалъул директор) ва цогидазги гьеныб бицана М. Ибрагьимовалъул гIумрудулгун творчествоялъул хIакъалъулъ.

ХI. ХIажимухIамадовас гьеныб абуна: «**Мариам йикIана, лъикIай тохтур гурейги,хъвадарухъабаздагун шагIирзабазда гьоркьой бищунго лъикIазул цояйлъун, гуребани, I6 тIехьалъул авторлъун гьей яхъинароан. Гьей йикIана чIухIи гьечIей, гъваридаб лъай бугей гIадан. Гьелда рагIа-ракьанде щун лъалаан Кавказалъул рагъул хIакъикъат ва гьелъ хIаракат бахъана гьеб гIадамазухъе щвезабизе. Гьелъул вас Рустам Ибрагьимовас ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьей ракIалде щолезе ва гьелъул творчество бокьулезе»**,-ян.

Рустамица сайгъаталъе ритIун рачIарал эбелалъул тIахьал гьенир кьуна, гьелъул 100 сон т1убаялда, творчествоялда хурхарал данделъаби т1орит1иялъулъ х1аракатчилъи бихьизабурал - З.Коргъолоевалъе, ХI.ХIажиевасе, Ш. Жамалдиновасе ва школалъул библиотекаялъе.

Абизе бегьула гьеб данделъи гIезегIанго пайда кьураблъун букIанин ва тIадегIанаб даражаялда нухда тIобитIанин.

**С. Гереханова,**
**Калининаул росу.**

*Школа ва г1умру*

## Нилъер мурад - лъимал талихIаллъун рукIин

***«БитIараб тарбия щварал лъимал ругеб рукъалъе хIинкъи букIунаро».***
**Джон Локкин.**



Балъголъи гуро,нилъер гIумруги гьединго къис матги гIемерисеб хъизаналда жаниб гIадлу-низамалда бараб букIунеблъи. Лъалеб жо буго, гьеныб эркенаб гIумруги цоцалъ рекъейги кидаго букIунареблъи.

Гьаб хIапу-чапур гIемераб,Советияб пачалихъги бихьхун гIадлу гIорхъода гьечIеб заманалда, хисана кинабго. Гьеб биха-хочиялъул кверщаликье ккана гIун бачIунеб гIелалъул цо-цо къукъаги. Гьелъ батила гIемерисел умумузул гIарзал рукIунел лъимал жидехъ гIенеккуларин, малъараб гIадахъ босуларин абун.

Щайха гьедин кколеб? Щайгурелъул лъималазе данде кколаро жалго какун цогидал рецщун гьарулел бадирчIваял.

Гьелъул хIасилалда гьел нилъедаса рикIкIалъула, нахъе къаралльун лъугьуна. Нилъее захIмалъула гьел цого роценалъ рорцине. Жакъасеб гIумруялъ эбел- инсудаги мугIалимзабаздаги цере лъурал масъалаби руго, гьел битIараб тарбияги кьун гIумрудул нухде рачин ва дандчIваралзахIмалъаби хIехьолеллъун гьел куцай. Эбел-инсул рукъоб щолеб тарбиялда рекъон рукIуна гьел лъималазул ахаздаги, школаздаги.

Цо-цо умумуз мугIалимзабазде тIаде рехун тола лъималазе тарбия-лъай кьеялъул суал. Хасго тIоцебесеб нухалъ школалде унезе чара гьечIого хIажалъула улбузул хасаб бербалагьи.

Бухьен букIине ккола мугIалимасулгун. Балагьизе ккола жиндир лъимер школалде заманалда щолеб бугищали, дарсихъ гIенекки, гьелъул пикру гьаби, мугIалимасул тIадкъай тIубалеб бугищали.

Гьанжесел лъималазе лъай кьезеги гьел цого низамалда рачинеги захIмат буго мугIалимзабазе. Рукъоб, жинда цебе бугеб цо-кIиго лъимерцин данде бачине эбелалъул бажари гIолареб мехалда, классалда бугеб 20-25 лъимер кинан мугIалимас гIадлуялде цIалел?

Гьелъ ккола умумуз мугIалимзабазе кумек гьабизе, дарсазде гIахьаллъизе. Рукъоб умумузул тIадчIей гьечIони,лъимер цIалудаса нахъе ккараб букIуна.

МугIалимзабазде т1аде кинабгоги рехун, парахат рукIине бегьуларо. Гьеб бичIчIине ккола хасго гIолохъанал умумузда. Нужеца нужерго лъимералъе кьолеб кIваралда бараб буго гьелъул букIинесеб.

Лъималазе гIоло гьабула нилъеца гIумру. Гьел талихIал, цIодорал, гIакълу-лъай бугеллъун рукIин буго нилъер мурад.

Лъималазде бугеб рокьиялда цадахъго тIадчIейги г1адлугибугони хIасил лъикIаб букIинаан.

**ХI. Каримова.**

## 24 ноябрь – эбелалъул Къо

# Эбеламде

Дир хирияй эбел, х1еренай эбел,
Ракьалда бищунго, йокьулей эбел,
Дида бадиб маг1у хулизе теч1ей,
Таваккал бергьарай, гьайбатай эбел.

Дун якъун кванач1ей, квачан хинлъич1ей,
Дие «ахх» бачарай, каранде къарай,
Дур къадру ц1унила дица кидаго,
Каранда к1ет1олеб дир рак1 бук1аго.

**Г1аишат Абулаева,**
**5 кл. ц1алдохъан, Гуни росу.**

# Эбел, мун -дие Алжан

Эбел, мун- дие чирахъ,
Канлъи гьарзаго кьолеб.
Эбел, мун дие гьава,
Гьуинлъигун босулеб.

Эбел, мун -дие Алжан,
НигIматал жанир ругеб.
Эбел, мун- дие хIикмат,
ХIайранлъизе гьаюлеб.

Дур калам рагIарабго,
Сордо дие гвангъула,
Дур хIеренлъи хъварабго,
Макъу гьуинаб щола.

Дуда ургъел кIочаги,
Хабар лъикIаб рагIаги,
Щулияб сахлъиги кьун,
Ракьалда даимлъаги.

Баркула, дир хирияй,
Байрам-эбелалъул Къо!
Къвал бан каранде къала,
Къиматаб дир хазина.

**Марьям Нугъаева,**
**Гуни росу,11 кл.цIалдохъан.**

## Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса.




Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун. Кида газеталъул гьурмазде ралагьанигиги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихияб баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-286 гъурущ.

**Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив**

***Хирияб калам***

Байбихьи 44-45 номеразда

# Ясин

44. Гьел ралъдалъ гъанкъизарич1ого тей Дир рахъалъан гьезие рах1мат буго ва Дица гьел ч1аго тун руго жидее къадар гьабураб заман т1убазег1ан.

Киг1анго мух1кан гьабураб, гама бугониги, киг1анго лебалал гама бачунел г1адамалги ругониги, гьеб гама лъеда т1ад ч1ей ва гьениб хьвади Т1адег1анав Аллагьасул х1алк1олъи буго ва Гьес инсанасе ралъад квегъун буго. Ралъдадасан рек1ун хьвадарал г1адамазда лъала гьеб ралъад багъарараб мехалъ кинаб гучаб х1инкъи гьезде т1аде бач1унебали. Жиндие бокьани, цох1о лах1заталда жаниб гьеб гама к1алагъоркь сверизабизе к1ола Аллагьасда.

Гьебго мисал буго гьаваялда боржунеб самолеталъулги, ракъдада хьвадулеб машинаялъулги. Гьел киналго Аллагьас инсанасе квегъун руго. Аллагьасе гьел хвезаризе бокьараб мехалъ, инсанасда гьеб амру гьукъизе к1оларо ва гьеб иш т1убан хадуб азарго бат1ияб багьана бати гуреб жидеда гьабизе к1олеб жоги бук1унаро. Алх1амдулиллагь, кинабго рецц Т1адег1анав Аллагьасе буго. Жинца нилъ бусурбабилъун гьарун ругелъул ва Жиндир х1укму-къадаралда божулелги гьарун рутелъул.

45. Гьел мушриказда абураб мехалъ нуж х1инкъа нужеда цере рук1арал умматазда щвараб г1адаб г1азаб ва гьалаг гьари щвеялдаса, гьединго нуж х1инкъа жиб т1аде бач1ине бугеб ахираталъул г1азабалдасаги, гьедин нуж х1инкъани,Аллагь нужеда гурх1илин абун-гьел мушрикаца жидее гьабураб ваг1за босич1о.

46. Гьезухъе рач1арал Аллагьасул г1аламатаздаса цониги г1аламатги бач1инч1о, гьелдаса жал руссун гурони. Жидеца гьелъул пикру гьабич1о ва Аллагьасде иман лъеч1о.

47. Мушриказда ва капурал г1адамазда абураб мехалъ. Нужеца садакъа ва напакъа кье Аллагьас нужее кьураб ризкъиялдасаян абун, капурал г1аламаз муъминзабазул х1акъалъулъ абуна:«Нижеца напакъайищ кьолеб гьел Аллагьасда иман лъурал г1адамазе? Аллагьасе бокьун бук1арабани, Гьес кьелаангури гьезие напакъа? Нуж ц1акъ баянаб къосиналъулъ рук1ин бихьулеб буго нижеда! Аллагьас пакъир гьарурал г1адамазе напакъа кье абун нижеда аби нужер ах1макълъи ва къосин буго», - ян абун.

48. Гьез абулеб буго кидаха бук1ине бугеб нужеца къот1и гьабулеб къиямасеб Къо ва гьелъул г1азабги, нуж бит1араб жо бицунел ратани, - ян абун.

49. Гьеб ц1акъ г1агарда буго ва щибго лъач1ого гьезда т1аде щвезеги буго. Цох1о Исрапил малаикас суралъубе пуй гурони гьеч1о г1адамал жинде балагьун, жиб кида бук1унеб лъаларого бугеб Къиямасеб къо т1аде щвеялъул г1аламат. Цинги гьел Къиямасеб къоялъ ккола, жидерго даран-базаралда, даг1ба-къецалда, дунялалъул ишазда рук1аго.

50. Цинги гьезул х1алк1оларо цоцаздехун аманат-васият гьабизе. Гьединго гьезда к1оларо жидерго агьлу-хъизаналде т1адруссинеги.

51. Цоги нухалъ суралъубе пула ва гьеб кинабго халкъ жидерго хобаздаса къват1ире рахъун, Бет1ергьанас ах1араб рахъалде г1едег1ун уна.

52. Къиямасеб къоялда инкар ккун рук1арал г1адамазги абула: **«Вай нижее бугеб къварилъи! Щив чи вугев жинца ниж регун рук1араб бак1алдаса т1аде вахъинавурав?»**-абун. Гьезие жаваб гьабун абула: **«Гьаб буго Т1адег1анав Аллагьас къот1и гьабулеб бук1араб къиямасеб Къо»**, - ян абун.

53. Гьаб халкъ т1аде бахъинаби Аллагьасе щибго зах1матаб жо гьеч1о. Гьеб гьеч1о цох1о нухалъ Исрапил малаикас суралъубе пуй гурони. Гьеб суралъубе пураб мехалъ кинабго халкъ Дида аск1обе бак1арун жидер х1исаб-мизан ва жаза гьабизе х1алурун ч1ун бук1уна.

54. Аллагьасул рахъалъан гьеб халкъалде хит1аб гъабула: « Жакъа цониги нафсалъе зулму гьабуларо ва щибаб нафсалъе жаза гьабула гьелъ дунялалда гьабураб г1амалалда рекъараб»- абун.

**"Х1акъикъат" газеталдаса босараб.**

«Конкурсал - 2020»

# Лъазаби

Х1урматиял районцоял! 2020 соналъул май моц1алда нилъеца дандч1вай гьабизе бугеб К1удияб Бергьенлъиялъ 75 сон т1убаялъул юбилеялъул х1урматалда **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазарулел руго конкурсал:

***T1оцебесеб:*** Лъималазда гьоркьоб рагъул г1ахьалчаг1азде рахъарал куч1 дузул конкурс.

***К1иабилеб:*** Ц1алдохъабазда гьоркьоб **«Щивго к1очон гьеч1о»**- абураб темаялда сочинение хъвавялъул конкурс.

***Лъабабилеб:*** Гьелго темабазда ч1ах1иязда гьоркьоб макъалаби ва шиг1раби хъваялъул конкурс.

***Ункъабилеб:*** **«Лъица чан хъвараб?»**- абураб ах1иялда ц1алдохъабаздагун ч1ах1иязда гьоркьоб конкурс.

Гьел конкурсазда 1,2,3 бак1ал ккуразе кьезе руго Х1урматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Гьезул хал гьабизе буго 2020 соналъул 20 апрелалда.

# Внимание конкурс!

Уважаемые читатели газеты «Чапар»

Давайте творить вместе. Мы уверены, что у каждого человека есть свой читательский опыт. Поделитесь им с нами. Присылайте свои мнения и пожелания по любой из рубрик.

Лучшие из присланных материалов будут опубликованы, а авторы поощрены.

В материалах должны быть указаны: фамилия, имя, отчество, адрес и номер телефона.

Материалы необходимо присылать по адресу: с.Дылым, ул.Саида-Афанди-2,

**Редколлегия**

*Спорт-инсанасул сахлъи*

# Баркула

Дагьал цереѓ1ан къояз Бакуялда т1обит1ана грепплингалъул (гугариялъул тайпабазул цо-цо къаг1идаби гурони гьукъич1еб гугари) ветераназда гьоркьоб дунялалъулго чемпионат.

Гьениб лъабабилеб бак1 босана Дилим росулъа Мух1амадх1абиб Зайнудиновас. Мух1амадх1абибида баркула гьеб бергьенлъи. Гьарула гьесие щулияб сахлъи, рохел, талих1 ва рек1ел мурадал т1урай.

**Гъудул - гьалмагъзабазул къокъа.**

Дагьал цереѓ1ан къояз Мах1ачхъалаялда т1обит1ана, 2003 соналъ гьарурал ва гьездаса дагьалъ гьит1инал г1олилазда гьоркьоб, волейбол х1аялъул чемпионат. Гьениб чемпионлъун бахъана Хасавюрт шагьаралдаса команда. Гьеб командаялда гьоркьов вук1ана нилъер районалдаса Рамазан Лат1иповги. Рамазан ккола М.Г1азаевасул спортшколалъул выпускник ва гьев куцана тренер Сайгид Гилякаевас. Гьабсаг1аталда, гьесул тренераллъун руго Гумбет районалдаса Х1избула Сайпудинов ва Белоруссиялдаса Константин Царь.



Рамазанилалдаса нахъе ккарал гьеч1о гьесул к1удияв вац Нурмух1амадил церет1еялги.

2000соналъ гьарурал г1олилазда гьоркьоб т1обит1араб Дагъистаналъул чемпионаталда(волейбол), гьев гьоркьов вук1араб команда чемпионлъун бахъана.

Баркула Рамазанида ва гьесул тренеразда бергьенлъи. Гьарула гьезие сахлъи, рохел, талих1 ва жеги т1адег1анал бергьенлъаби.

**Волейбол бокьулезул къокъа**

# Канлъи дагьазул чемпионаталда

16-18 ноябралда Каспийск шагьаралъул Г1. Г1алиевасул ц1аралда бугеб спорталъул К1алг1аялда т1обит1ана Дагъисталъул канлъи дагьазда гьоркьоб армреслингалъул ( кверазул къуват борциналъул) чемпионат. Гьенире г1ахьаллъана нилъер районцоялги.



Гьенив чемпионлъун вахъана (100 кг. ц1айиялда) Алмахъ росулъа Ансарияв Мусаев. Рамазан Мух1амадов (70 кг.ц1айиялда,Алмахъ) ва Рамазан Абубакаров (80 кг. ц1айиялда,Калининаул) гьенир мустах1икълъана лъабабилел бак1азе.

**М.Абулаев, Дилим росу.**

Бетlерав редактор:
Мухтар Гlалиевич Чупалаев
тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь:
Мухlамад-Шарип
Гlабдулашимов
тел: 55-48-95

Мухбирзаби:
Хlалимат Каримова,
Ибрагьим Идрисов,
Асият Дибирова

Фотомухбир:
Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева

Верстка: Марьям Атавхlажиева,
Зайнаб Гlабдулмуслимова.

Типографиялъул адрес:
Хасавюрт шагьар, ООО
"Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна
редакциялъул компьютералъул цехалда.
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.
Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация
МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул)
адрес: РД, Казбек район, Дилим росу,
368140,
Индекс: 51354
Заказ №340 Тираж 1100
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД
19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола